

II. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d ing pratelan kang bener!

6. Tegese Mijil, yaiku
 - a. lair
 - b. tuwa
 - c. mati
 - d. cilik
7. Tembang Mijil nduweni watak
 - a. sereng
 - b. galak
 - c. prihatin
 - d. sengsem
8. *Mulanipun **wekas** ingsun,*
Tembung sing dicetak kandhel tegese, yaiku
 - a. prentah
 - b. wekas
 - c. pamintha
 - d. kekarepan
9. *... **pañ dadi pikukuh,***
Tembung sing dicetak kandhel tegese, yaiku
 - a. pepeling
 - b. pinuju
 - c. pitutur
 - d. pikuat
10. *... **ana catur mungkur,***
Tegese tembung ing tembang kasebut, aja melu....
 - a. dolanan catur marakake pinter
 - b. rerasan kanca kang ora becik
 - c. kanca kang ora becik kudu diadohi
 - d. ngrasani kancane dhewe

Wacan kanggo soal nomer 11-16.

*Cep menenga anakku cah manis.
Aja gawe kagol,
Kae katon rembulane gedhe,
Gilar gilar cahya nelahi,
Ayo sun dolani,
Sabisa bisaku.*

11. Guru wilangan lan guru lagu ing tembang Mijil gatra siji, yaiku
 - a. 10i
 - b. 6o
 - c. 10e
 - d. 10i
12. Guru wilangan lan guru lagu ing tembang Mijil gatra loro, yaiku
 - a. 10i
 - b. 6o
 - c. 10e
 - d. 10i
13. Guru wilangan lan guru lagu ing tembang Mijil gatra telu, yaiku ...
 - a. 10i
 - b. 6o
 - c. 10e
 - d. 10i
14. Guru wilangan lan guru lagu ing tembang Mijil gatra papat, yaiku ...
 - a. 10i
 - b. 6o
 - c. 10e
 - d. 10i
15. Guru wilangan lan guru lagu ing tembang Mijil gatra lima, yaiku
 - a. 10e
 - b. 10i
 - c. 6i
 - d. 6u
16. Guru wilangan lan guru lagu ing tembang Mijil gatra enem, yaiku
 - a. 10e
 - b. 10i
 - c. 6i
 - d. 6u

Wacan kanggo soal nomer 17-20.

Mijil

Ing samangke rumaos prihatin

Ndulu lare yektos

Klonthang-klanthung tan genah karyane

Mula kaki kudu prigel wasis

Asta den latih

Dimen ora kithung

17. ***Ndulu lare yektos***

Tegese tembung sing dicethak kandel, yaiku

- a. nyawang
- b. ngrungoake
- c. micara
- d. nandangi

18. ***Klonthang-klanthung tan genah karyane***

Tegese tembung sing dicethak kandel, yaiku

- a. mlaku-mlaku plesir ana papan wisata
- b. dolan karo kancane golek pakaryan
- c. mlaku mrana-mrene tanpa tujuan
- d. mloya-mlayu arep golek gawean

19. ***Dimen ora kithung***

Kosok balen tembung sing dicethak kandel, yaiku

- a. wasis
- b. prigel
- c. kesed
- d. setiti

20. Gatikna gambar iki!



Gambar kasebut nuduhake wong sing uga pinter nembang macapat, aran

- a. Sinden
- b. Niyaga
- c. Dhalang
- d. Panyungging